

Fòmilè 1.

ANTAN PARAN* CHWAZI YON MOUN POU OKIPE PITIT OU POU 30 JOU OSWA MWENS

Se Paran an ki dwe ranpli Fòmilè a

Mwen, (*non ou*)

paran (*non pitit ou*)

chwazi (*make non moun nan*)

k ap viv nan (*make adrès moun nan*)

pou li okipe pitit mwen e li anmezi pou pran desizyon pou edikasyon ak desizyon pou swen medikal, avèk tou konsantman pou tretman medikal regilye ak tretman medikal ijan, pou pitit mwen. Sa bay moun nan otorizasyon nèt pou (*nimewo ant 1 ak 30*) _____ jou ki kòmanse nan dat ki anba a, epi ki fini pi bonè si mwen di sa.

Siyen La a: _____

Dat: _____

*Ranpli yon fòmilè apa pou chak timoun. Moun nan la kapab prezante fòmilè sa a ba founisè edikasyon ak founisè swen sante. Founisè edikasyon ak founisè swen sante kapab fè kopi fòmilè sa a.

ASIRE PITIT OU JWENN SWEN AK PWOTEKSYON

SI OU SOU ARESTASYON, RELE YON MOUN IMEDYATMAN!

SI YO VOYE OU NAN DETANSYON OSWA PRIZON, FÈ PLAN AK ARANJMAN POU PITIT OU!

CHWAZI YON MOUN POU OKIPE PITIT OU PALE AVÈK YON AVOKA SOU PLAN OU GEN POU PITIT OU

ASIRE PITIT OU JWENN SWEN AK PWOTEKSYON

PRAN MEZI IMEDYAT — RELE YON MOUN!

Fè aranjman pou jodi a ak pou nenpòt lè ou p ap anmezi pou pran swen pitit ou. Ou kapab bezwen mande yon moun pou pran swen pitit ou imedyatman ak yon lòt moun pou ofri li swen alontèm.

Chwazi yon moun imedyatman pou okipe pitit ou

Si se sèl oumenm ki konn okipe pitit ou, mande yon lòt paran pitit ou, yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou pou pran swen pitit ou epi mete sa alekri. Sa bay moun lan kapasite legal pou pran desizyon sou edikasyon ak desizyon medikal pou pitit ou. Genyen de (2) fòmilè ki nan depliyen an, epi ou ka itilize yo pou deziyen yon moun pou okipe pitit ou tanporèman. De (2) fòmilè yo se pou peryòd tan diferan epi yo genyen egzijans diferan.

Toujou ranpli yon fòmilè apa pou chak nan pitit ou yo. Moun nan kapab prezante fòmilè ki ranpli a ba founisè edikasyon ak founisè swen sante pitit ou epitou yo kapab fè kopi fòmilè a.

Fòmilè 1. Antan Paran Chwazi yon Moun pou okipe Pitit ou pou 30 Jou oswa Mwens

- Ranpli fòmilè sa a imedyatman.
- Li fasil pou ou ranpli fòmilè a epi pou remèt li ba moun ki pou okipe timoun nan.

Fòmilè 2. Antan Paran Chwazi yon Moun pou okipe Pitit ou pou 6 Mwa oswa Mwens

- Ranpli fòmilè sa a imedyatman epi anvan aranjman 30 jou a fini.
- Oumenm ak MOUN NAN dwe siyen fòmilè sa a devan yon notè piblik. Ou kapab fè notarye li anvanm oswa apa. Si ou fè sa apa, oumenm, paran an, dwe fè notarye li anvan.
- Ou kapab renouvle aranjman sa a. Ranpli ak notarye nouvo fòmilè yo pou chak pitit ou anvan peryòd 6 mwa a fini.

PALE AVÈK YON AVOKA SOU PLAN OU GEN POU PITIT OU. MEN KÈK CHWA

Fè yon Petisyon pou Lagad oswa ou Titèl

Si lòt paran pitit ou oswa yon lòt moun apwopriye kapab pran swen pitit ou, li kapab fè yon petisyon nan Tribinal Fanmi epi w ap bay konsantman ou pou yon chanjman nan lagad la oswa pou deziyen gadyen legal la nan odisyon an. Sa bay moun sa a responsablite pou swen ak pou pran desizyon pou pitit ou. Ou kapab mande yon plan vizit pou oumenm ak pitit ou.

Chanje Lòd pou Lagad ak pou Vizit

Si lòt paran pitit ou kapab pran swen pitit ou epi se sèl ou ki gen lagad pitit ou, lòt paran pitit ou ka fè yon petisyon nan Tribinal Fanmi pou chanje lòd ki te ba ou lagad la. Ou bay konsantman ou pou yon chanjman nan lagad la nan yon odisyon ki bay lòt paran pitit ou responsablite pou swen ak pou pran desizyon pou pitit ou. Ou kapab mande yon plan vizit pou oumenm ak pitit ou.

Plasman Volontè nan Fanmi Akèy

Si lòt paran pitit ou pa anmezi pou pran swen pitit ou epi ou pa genyen yon lòt moun apwopriye ki ka pran swen pitit ou, ou ka rele 211 (nimewo sa a disponib nan pifò konte) oswa kontakte depatman sèvis prevantif depatman sèvis sosyal konte ou (Administrasyon pou Sèvis Timoun nan Vil Nouyòk) dirèkteman pou mande pou mete pitit ou nan fanmi akèy la. Si depatman an dakò, ou dwe siyen yon akò plasman volontè ki pèmèt pitit ou ale nan yon fanmi akèy pou yon ti tan. Ou kapab mande yon plan vizit pou oumenm ak pitit ou.

**Fomilè 2. ANTAN PARAN CHWAZI YON MOUN POU OKIPE PITIT OU
POU 6 MWA OSWA MWENS**

Se Paran an ki Dwe Ranpli Seksvon sa a (Ranpli yon fòmilè apa pou chak timoun)

Mwen, (*non ou*) _____, paran (*non pitit ou*) _____
_____, dat nesans (*dat pitit ou fèt*) _____, *chwazi (make non
moun nan)* _____ pou li okipe pitit mwen e li anmezi pou pran de-
sizyon edikasyon ak desizyon swen medikal, avèk tou konsantman pou tretman regilye ak tretman ijan, pou pitit
mwen. Sa bay moun nan otorizasyon nèt pou pran desizyon pou edikasyon ak swen sante pitit mwen ant (*dat
kòmansman*) _____ ak (*dat finisman*) _____ sof si mwen di
sa yon lòt fason. Nimewo telefòn moun nan _____. Adrès _____
_____. Lè yo te mete mwen an detansyon,
adrès mwen se te _____.
Mwen espere mwen pral nan adrès (non sant detansyon/prizon) _____ epi yo
pa ka kontakte mwen dirèkteman nan telefòn. Nimewo idantifikasyon depatman an oswa nimewo rejis ak dosye
mwen se (*nimewo ou oswa kite espas sa a vid si w pa konnen li*) _____.
Pa genyen lòd tribinal anvigè ki anpeche mwen fè deziyasyon sa a.

Siyen La a: _____ Dat: _____

Se Notè a ki Dwe Ranpli Seksvon sa a

ETA NEW YORK

KONTE _____ ss.:

Nan _____ jou _____, 20 _____, devan mwen pèsònèlman te prezante _____,
moun mwen konnen ki dekri a epi moun ki te siyen nan dokiman an, epitou moun sa a te rekonèt li te fè menm bagay la.

Notè Piblik

Se moun k ap okipe timoun nan ki dwe ranpli Seksvon sa a

Mwen, (*non ou*) _____, bay konsantman mwen pou pran responsablite ak
wòl moun yo chwazi pou okipe (moun ki nan relasyon paran) timoun sa a.

Siyen La a: _____ Dat: _____

Se Notè a ki Dwe Ranpli Seksvon sa a

ETA NEW YORK

KONTE _____ ss.:

Nan _____ jou _____, 20 _____, devan mwen pèsònèlman te prezante _____,
moun mwen konnen ki dekri a epi moun ki te siyen nan dokiman an, epitou moun sa a te rekonèt li te fè menm bagay la.

Notè Piblik

**BAY MOUN K AP OKIPE PITIT OU ENFÒMASYON SOU KOTE
OUMENM, PITIT OU AK MOUN NAN KAPAB JWENN ÈD**

LIFT

Sit wèb : www.LIFTonline.org

Liy Enfòmasyon Eta: 212-343-1122 (aksepte apèl
kòlèk paran ki nan detansyon oswa prizon)

Imèl nan sit wèb: www.LIFThotline.org

Pami kalite sèvis yo genyen:

- Enfòmasyon legal sou Tribinal Fanmi ak lwa sou fanmi
- Rekòmandasyon nan sèvis sosyal ak legal
- Resevwa sèvis entansif legal ak sosyal nan Sant Legal Fanmi
- Gid Resous Legal an Plizyè Lang

NYS KINSHIP NAVIGATOR

Sit Wèb: www.nysnavigator.org

Nimewo Telefòn Gratis: 877-454-6463

Imèl: navigator@nysnavigator.org

Pami kalite sèvis yo genyen:

- Aprann èd ki espesifik nan konte
- Pale avèk yon Espesyalis Kinship
- Aksè nan fèy enfòmasyon legal
- Rekòmandasyon nan ajans ak pwofesyonèl

Osborne Association

Sit Wèb: www.osborneny.org

Sant Resous pou Fanmi: 800-344-3314

Telefòn: 718-637-6560

Imèl: info@osborneny.org

Pami kalite sèvis yo genyen:

- Sèvis defans nan tribinal, sèvis tretman pou dwòg, sèvis pou bay travay ak sèvis pou fanmi
- Asistans ak konsèy nan vizit

Prison Families of New York, Inc.

Sit Wèb: www.prisonfamiliesofnewyork.org

Telefòn: 518-453-6659

Pami kalite sèvis yo genyen:

- Ofri gwoup sipò, règleman sou vizit, bay èd pou pwoblèm nan prizon

Women's Prison Association

Sit Wèb: www.wpaonline.org

Telefòn: 646-336-6100

Pami kalite sèvis yo genyen:

- Jwenn asistans dirèk pou jistis kriminel ki konsène fanm

EPITOU BAY MOUNK AP OKIPE PITIT OU ENFÒMASYON SOU RESOUS SA YO

Èd Finansye pou Pitit Ou

Moun k ap okipe pitit ou kapab anmezi pou aplike pou Asistans Tanporè (ki rele souvan sibvansyon pou timoun sèlman) ki ofri asistans lajan kach chak mwa ki dwe itilize pou swen pitit ou. Asistans sa a baze sou revni ak resous pitit ou, moun nan. Moun nan kapab anmezi pou aplike tou pou Koupon pou Manje, Medicaid, asistans pou gadri oswa lòt sèvis pou pitit ou. Pou jwenn plis enfòmasyon ak yon pake aplikasyon, moun nan kapab rele 211 (nimewo sa a disponib nan pifò konte) oswa vizite depatman sèvis sosyal lokal ou (HRA nan vil New York).

Tiliv Enfòmasyon pou Moun k ap okipe timoun

Tiliv Enfòmasyon Eta New York pou Manm Fanmi k ap Edike Timoun, *Having a Voice and a Choice*, diskite sou divès chwa ki disponib pou li sou entènèt nan. Li sou entènèt nan www.ocfs.state.ny.us/main/publications/5080.pdf.

**Menm si ou genyen depliyon sa a, ou ta dwe toujou pale avèk yon avoka sou nenpòt nan pwoblèm sa yo.
Nou ankouraje tout moun ki konsène avèk Tribinal Fanmi oswa Tribinal
Kriminèl pou yo pale avèk yon avoka.**

Kote ki prepare dokiman sa a: Komisyon Jistis Pèmanan Eta Nouyòk sou Jistis pou Timoun. Sit Wèb: www.nycourts.gov/justiceforchildren
Ap travay pou amelyore lavi ak chans lavi timoun ki gen pou wè ak tribinal New York.